

Zuva Riya PaKarivhari

Jeffersonville, Indiana, USA

60-0925

1 Mwari Akuropafadzei, Hama Neville. Mazvita, zvikuru. Mangwanani akanaka, shamwari. Iropafadzo kuva pano paTabhenakeri zvakare mangwanani ano kuzoshumira Ishe nenzira yekuparidza Shoko uye kunamatira vanorwara. Uye ndinotenda zvikuru nokuda kwezva rino.

Ndashamiswa kwazvo sezvandanga ndichipinda. Imwe hama yakasvika ndokuti, "Handidi kuita seane maperembudzi asina kukodzera akaporeswa." Vanga vari Hama Wright. Ndakavanyengerera, uye Jehovha Akavaporesa zvachose. Vauya vachichema ndokundibata ruoko vachiti vanoda kutenda Jehovha nekupora kwavo. Vaida kudzoka kuzopa kutenda. Zvose zvakaenda. Iye zvino vanyatsopora. Tinotenda nezvapupu izvozvo.

2 Charlie, iwe neHama Jeffries, kana muchida, huyai kuno mutore zvigaro izvi kumusoro uko. Makasununguka zvakananyanya hamufanirwe kumira. Imwe hama apo, Hama Woods, huyai kuno, pano pane nzvimbo mbiri pano pabhenji kuti musazofanira kumira. Uye ndinotenda kuti kune nzvimbo dzakati kuti pano. makasununguka zvakananyanya kuuya kuzatora nzvimbo idzi.

Tinofara Ndinotenda zvakanzi pane imwe nguva, "Ndakafara pavakati kwandiri, 'Handei kuimba yaShe.'" Ndiro rombo rakanaka uye mufaro weMuKristu—kuenda kwairi imba yaJehovha.

3 Ndichitarisa-tarisa ndichiona shamwari dzangu dzakawanda mangwanani ano, ndinofara zvikuru pamusoro peizvi. Ndinofara kuona Hama neHanzvadzi Dauch pano vanobva kuOhio. Ndiri kuona Hama neHanzvadzi Armstrong kumashure uko kubva kuOhio. Mwari Akuropafadzeiwo mese. Uye, haiwa, kungotarisa-tarisa unoona vakawanda zvokuti zvinganetsa kuwana mazita avo ose. Hanzvadzi Hoover, tinofara kukuonai muno mangwanani ano kubva zasi kuKentucky. Uye Charlie naNellie, Hama Jeffries nemhuri yavo, nevakawanda vanobva kunze kweguta. Saka tiri kutarisira nguva huru munaShe mangwanani ano. Tichitarisira kuti Mwari Asangane nesu nenzira yekuropafadza munhu wedu wemukati nekutishumira isu zvinhu zvatinoda. Pandinotarisa panzvimbo, kana ndikatanga kudoma shamwari dzangu dzose dziri pano, ndinotora nguva zhinji mangwanani ndichitaura zvakasiyana. Zvinondifadza kudzoka kukereke kuzoona vanhu vese varimo muno. Nokukwanisa kuzoonana....

4 Zvichadini kana tasvika kudenga, uye tosangana ikoko kwenguva huru yeyanano isingaperi, pamwe chete takapoterredza chigaro chovushe chaMwari—uye maropafadzo chaiwo atakakoshesa tose? Imomo tichaitwa kuti tifanane naYe, mumufananidzo waKe, uye neMweya waKe Ari pamusoro pedu kuti tiMunamate nokuMushumira nokusingaperi, tisingamboneta.

Chimbozvifunga, hapana chinhu chaungafunga nezvacho, chaungada kuita, asi icho pano neapo unoneta pakuchiita. Charlie, ndinofungidzira iwe neni takavhima tsindi kudarika chero chinhu chatinoda kuita nenzira iyoyo, asi unoziva kuti unoneta pakuzviita. Uye ndinofarira kufamba, kupinda mumakomo uye kungokwidza nerwendo, asi ndinoneta dzimwe nguva, iwe unoda kuita chimwe chinhu. Uye ndinofarira kutiyaira.

Dzimwe nguva ndinonzwa kuneta, kupera simba uye tsinga dzisisachadi. Ndinongosvetukira mumota mangu ndobuda. Ndobatira kuchidhiraivo ndichidzika nomugwagwa ndichiimba, "Ndinofara kuti ndinogona kuti ndiri mumwe wavo" kana zvimwewo. Ndakangobata chidhiraivo chiya ndichiimba ndichirovera tsoka yangu pasi ndichidanidzira. Zvakanaka, mushure mechinguva ndinoneta, ndozodzokera kumba ndonotanga chimwe chinhu. Asi kana tasvika pakunamata Mwari muhumambo hutsva ihwohwo, hapazovi nenguva yekuneta. Chichagara chiri chikomborero, zvichingoenda mberi. Asi zvirokwazvo tichashandurwa ipapo; hatizove sezvatiri zvino. Tichange takasiyana, zvisikwa zvakasiyana nezvatiri panguva ino. Saka tinofara.

5 Ndanga ndichingofunga. Handizivi kuti ndakambozvita izvi here kana kuti kwete, Hama Charlie. Pane imwe nguva yapfuura ndaiva navo kuKentucky, vakati, "Hama Branham, munofunga kuti muMereniyamu imi neni tichavhima tsindi here?"

Ndikati, "Handifungi kudaro, Charlie."

Vakati, "Zvakanaka, tinokufarira, munofunga kuti tichazviita here kana tapinda muMereniyamu?"

Ndikati, "Kwete, hapazovi nechinhu chinourawa muMereniyamu."

Ivo vakati, "Zvakanaka, tinongokufarira."

Ndikati, "Charlie, ko dai ndaigona kukupa gutsikano yokuti pane imwe nguva wakanga uri nguruve, uye wakasimudzirwa kuva munhu akakwirira, kuva munhu. Ungada here kudzokera kunonakidzwa nemafaro enguruve?"

Ivo vakati, "Kwete."

Ndikati, "Maona, munenge makwirira kwazvo kupfuura nguruve iye zvino mava munhu, hamuchada kuita nguruve zvakare." Ndikati, "Zvino wedzera izvozvo zvakapetwa kazvuru gumi, uye ndizvo zvamuchange mava kana mashandurwa kubva pano kuenda pane zvamuchange muri. Hamuchada kuva munhu zvakare." Ndzizvozvo. Chichava chimwe chinhu chakasiyana. Ndiri kufara nekuda kwemifungo yazo, ndichiziva kuti rimwe zuva tichakwira kumusoro.

6 Zvakanaka, zvino kana Ishe Achida, Svondo inouya, inenge Zvino ndichabuda kuti ndiende kuWyoming neshamwari yakanaka ... kana kuti, kunze kuIdaho neshamwari yangu yakanaka, Hama Minor Arganbright, uye Hama Clayton Sonmore, veChristian Businessmen.

Vhiki inotevera ... vhiki riri mberi kwerinotevera ndi ... zvino nezuva rechinomwe ndichave muDallas, Texas, paMusangano weVoice of Healing; uye usiku hwangu hwekutaura ndewe musi wechinomwe. Zvino ndinodzoka kuzoenda kuIdaho neHama Arganbright nemaChristian Businessmen, uye pamwe ndova nehuisiku humwe kuMinneapolis tisati taenda. Zvino nechisvuvuro chimwe chete cheChristian Businessmen.

Kana Ishe Achida, mangwanani eSvondo inouya ndinoda kudzoka pano paTabhenakeri zvakare. Uye kana zvichibvumirwa, uye kuri kuda kwaShe, ndinoda kutaura pamusoro pechidzidzo "Chamupupuri chiri muMhepo"—kana Ishe Achida.

7 Chinoita sekuva pamoyo mangu kwevhiki yose.

Uye mamwe mangwanani, nguva dza4 mangwanani, ndakamuka ndikava nepfungwa iyi: "Zuva Riya paKarivhari." Uye ndinoda kutaura pamusoro pazvo mangwanani ano. Zuva riya paKarivhari.

Zvino kuitira chiverengwa ichi ngativhurei zvino mumaBhaibheri edu, muMaGwaro, kuevhangeri yaMateo Mutsvene pachitsauko chemakumi maviri nenomwe; uye tichatanga nendima yechimakumi maviri nenomwe toverenga chikamu cheruGwaro urwu kuti tiwane hwaro hwedu. Zvadaro tichatanga pakarepo; uye mushure meshumiro yokuparidza ndipo patichanamatira vanorwara.

8 Kubva panguva yekupedzisira pano, ndichangodzosa zviri maererano neshumiro yangu itsva, ndakava nezvapupu zvakawanda zvakauya kubva pamusangano uyu kupfuura zvakadambaita kwenguva refu. Pane chimwe chinhu pamusoro pekuti unofanira kubata munhu wacho, zvisinei nekuti zvakawanda sei zvemweya zvinoratidzwa. Asi munoona, kuporeswa kunofanira kuzorora pakutenda kwedungamunhu.

Zvino, kana dungamunhu aine kutenda, uye achiona seMweya Mutsvene Unofamba pamusoro peungano Otaura zvimwe, zvimwe zvinhu zvinoitika ("Uri zita rokuti-ne-rokuti, uye unobva panzvimbo yokuti, uye chimwe chinhu chawakaita, uye zvichava nenzira iyi"), achiona zvose zvichiitika nenzira iyoyo, asi dungamunhu akagara ipapo anofanira kutarisa mudenga oti, "Anofanira kunge Ari Mwari! Ndinogamuchira kuporeswa kwangu." Asi panzvimbo paizvozvo dungamunhu wacho anoti, "Turikai maoko pamusoro pangu mundinyengerere kuti ndiporeswe."

9 Asi ndiyo nzira yatinodzidziswa nayo muno muAmerica, kuzvitenda, uye zvinonyatsoenderana neMaGwaro. Asi zvino tinoona muAfrica nenzvimbo dzakasiyana-siyana, regai chinhu chakadaro chiitike, vanhu vose vanosvika panguva imwe vogamuchira kuporeswa kwavo—nokuti havana chavakadzidziswa. Munoona, havana kudzidziswa kuporeswa. Zvino kana vazviona, vanobva vaziva kuti kuna Mwari Anorarama; uye kana Achirarama, NdiYe Mukuru, uye Anoporesa, uye ndizvozvo. Nokuti hwaro hwakatoteyiwa—hwaro—hwokuti iYe Murapi uye Anoporesa vanhu. Zvino pavanoona huvepo hwaKe huchishanda kuburikidza nekereke yaKe, vanobva vati, "Zvatokwana. Ndizvo chete zvatinoda." Asi takadzidziswa kuturika maoko pamusoro pevanorwara nezvimwe zvakadaro. Ndicho chikonzero nei kusinganyatsoshanda muAmerica.

Zvino, rangarirai, mangwanani eSvondo inouya, Ishe Achida (Hama Neville vachazvizivisa, zvirokwazvo), "Chamupupuri muMhepo."

10 10.Zvino, ndanga ndichikupai nguva duku yokuvhura muMaGwaro enyu kuna Mateo 27. Ngatitangei kuverenga pandima yechimakumi maviri nenomwe yeevhangeri yaMateo. Zvino ngatinyatsoteererai kuchiverengwa:

Zvino mauto emutungamiriri akaisa Jesu mumba memutungamiriri, hondo yose ikaunganira kwaari.

Vakamupfekenura, ndokumupfekedza nguo tsvuku.

Vakati varuka korona yemhinzwa, vakaiisa pamusoro wake, nerutsanga muruoko rwake; vakafugama ibvi pamberi pake, vakamusweveredza, vachiti: Hekanhi, Mambo wavaJudha!

Vakamupfira, ndokutora rutsanga, vakamurova musoro.

Shure kwokumuseka, vakabvisa nguo yake, uye vakamupfekedza nguo dzake chaidzo, vakaenda naye kundumoverera pamuchinjikwa.

Vakati vachibuda, vakawana munhu weKurini, wainzi Simoni. Iye vakamumanikidza kuti atakure muchinjikwa wake.

Vakati vasvika panzvimbo inonzi Gorogota, ndiko kuti, nzvimbo yedehenya.

Vakamupa vhiniga yakavhenganiswa nenduru kuti amwe: ... akati airavira akaramba kuinwa.

Vakamurovera pamuchinjikwa, vakagovana nguo dzake vachikanda mijenya, kuti zvizadziswe zvakarehwa nomuporofita zvinoti: Vakagovana nguo dzangu pakati pavo uye vakakanda mujenya pamusoro pechokufuka changu.

... vakagara pasi, vakamurindapo;

Vakaisa ... pamusoro pemusoro wake rugwaro rwemhosva yakanyorwa kuti: UYU NDIJESU MAMBO WEVAJUDHA.

Ndokurovererwa pamuchinjikwa makororo maviri pamwe naye, umwe kuruoko rwerudyi, neumwe kuruboshwe.

Vaipfuura vakamutuka, vachidzungudza misoro yavo.

vachiti: Iwe wakaputsa tembere, nekuivaka nemazuva matatu, zviponese; Kana uri Mwanakomana waMwari, buruka pamuchinjikwa.

Saizvozvo vapristiwo vakuru vakamusweveredza, navanyori navakuru, vakati.

Akaponesa vamwe; iye haagoni kuzviponesa. Kana ari Mambo waIsraeri, ngaaburuke ikozvino pamuchinjikwa, tigomutenda.

Akavimba naMwari; ngaachimusunungura ikozvino kana achimuponesa; nekuti wakati: Ndiri Mwanakomana waMwari.

Makororowo akanga arovererwa pamuchinjikwa pamwe chete naye, akamusweveredza saizvozvo.

Zvino kubva paawa rechitanhatu kwakava nerima panyika yose kusvikira paawa repfumbamwe.

Nenguva inenge yepfumbamwe, Jesu akadanidzira nenzwi guru achiti, "Eri, Eri rama sabakitani?" ndiko kuti, Mwari wangu, Mwari wangu, mandisiyireiko?

Vamwe vakanga vamiyerepo pavakanzwa vakati, "Uyu munhu anodana Eria.

Pakarepo mumwe ... akamhanya, akatora chipanje, akazadza nevhiniga ndokuchiisa parutsanga, akamupa kuti amwe.

Vamwe vakati: Regai tione kana Eria achiuya kuzomuponesa.

Jesu akadanidzirazve nenzwi guru mweya akabuda maari.

Zvino tarira, vheiri retembere rakabvaruka kuita mapandi maviri, kubva kumusoro kusvikira pasi; nyika ikadengenyeka, mabwe akatsemuka;

...makuva akazarurwa; nemitumbi mizhinji yevatsvene vakange vavete ikamutswa;

vakabuda muguva shure kwokumuka kwake vakapinda muguta dzvene uye vakaonekwa navazhinji.

Mukuru wezana navakanga vanaye vakarinda Jesu, pavakaona kudengenyeka kwenyika nezvinhu zvakanga zvaitika, vakatya zvikuru vachiti, "Zvirokwazvo uyu akanga ari Mwanakomana waMwari.

11 11.Ngatikotamisei misoro yedu kwechinguvana kuti tinyengetere. Ishe, tinoziva kuti iMi Muri Mwari, uye mushure mekuverenga Shoko Rinoyera uye dzvene iRi, tichiri kuona kuti hunhu hweNyu hauna kushanduka. Muri Mwari nguva dzose. Uye zvaiita sokunge kuti Jesu Akanga Asiri kuzowana rubatsiro, kuti Akabatwa nemaoko akaipa uye Akatsemurwa kuita zvidimbu zvidimbu ndokupfirwa nokusekwa nokurembera pamuchinjikwa, Achibuda ropa, Achifa; uye zvaiita sokunge pakanga pasina rubatsiro, kusvikira naiYe pachaKe Akachema, "Mwari WaNgu, Mwari WaNgu, MaNdisiyireiko?" Asi iMi Munobata basa panguva yapanenge pasisina chimwe chinhu chinogona kubata basa.

Takapiwa kuziva, Ishe, kuti kana tine nzizi dzatisingagoni kuyambuka, kana tiine makomo atisingakanisi kuyambuka, Mwari Anonyanya kubata pazvinhu zvisingagonekwi kuitwa nevamwe. Imi Muri nyanzvi pabasa. Nokuti Maiziva chikonzero chezuva riya paKarivhari. Imi, Muri Mwari, iYe AsiNgagumi, Maiziva kuti nguva ino inofanira kuuya. Asi pazvakadzikiswa, Makabva Maratidza kuti Maiva Mwari. Makaratidza kuti ndiani aive mukuru.

12 12.Makazungunusa nyika, uye vatsvene vakanga vavete muvhu vakabuda. Makadzima zuva muusiku

... serima rousiku, muchiratidza kuti Maiva Mwari; asi Makaita seMakanyarara kwenguva refu. Kubva pane izvi ngatitore mhedziso iyi, kuti kana tichinge tichifamba muMweya, tichitungamirirwa neruoko rwaMwari, zvisinei kuti chii chinoita sechakanganisika, zvakadaro takatarisana neKarivhari. Mwari Achataura nenguva yakafanira, nenguva yakafanira.

Zvino Mwari Baba tinokumbira ruregerero rwezvivi zvedu nokudarika kwedu. Tinokumbira Mweya WeNyū kuti Atitungamirire. Titungamirirei senjiva yakatungamirira gwayana. Ngatiteererei kune chero chingatiwira, tichiziva izvi, kuti Mwari Anoita kuti zvinhu zvose zvinake, uye tichiziva kuti zvichanaka.

Ivai nesu nhasi mushumiro ino. Tinonamata kuti Muchaponesa avo vari muchimiro chokuda kuponeswa uye vari kutsvaka ruponeso. Zadzai avo nohupenyu husingaperi vari kutsvaka zvakadaro. Tinonamata kuti Mugopodza avo vanorwara nevanotambudzwa vauya vachitsvaka kupodzwa. Uye tichaKurumbidzai nokuda kwazvo. Tinozvokumbira MuZita RoMwanakomana WeNyū, Muponesi Wedu, Jesu Kristu. Amen.

13 13.Zvino mukutaura mangwanani ano, tinoshuvira kukukokerai pfungwa dzenyu kuchidzidzo chandasarudza kutaura nezvacho, "Zuva Iro paKarivhari." Zvinoita sekunge zvingave kunze kwemwaka zvisioma; chinofanira kutaurika paGood Friday. Karivhari inofanira kuyeukwa zuva nezuva. Uye takanzwa zvakananda pamusoro payo, takaverenga zvakananda pamusoro payo. Vaparidzi vakaparidza pamusoro payo kubva pakutanga kwenguva. Vaimbi vakaimba nezvayo kubvira kare. Vaporofita vakazvitaure makore zviuru zvina zvisati zvaitika, uye vaporofita vezuva rino vanonongedzera shure pazvakaitika. Izuva rakakosha kudaro.

Ndiri rimwe ramazuva anokosha pamazuva ose ayo Akambotenderwa kuva mambakwedza panyika naMwari. Uye kana zvakanosha kurudzi rwevanhu—Karivhari—ndinofunga kuti zvakanaka kuti isu tidzokere kunoongorora uye tione zvazvinoreva kwatiri. Nokuti ndine chokwadi munguva ino yekupedzisira yatiri kurarama, tiri kutsvaga kukosha kwese kuna Mwari kwatingaziva; uye zvose zvatinoogona kuziva, tiri pano kuti tidzidze nezvazvo. Kuona kuti ndezvipi zvedu, uye zvatakaitirwa naMwari, uye kuona zvaAkavimbisa kutiitira. Uye ndizvo zvatinooyira kukereke.

14 14.Ndokusaka muparidzi achiparidza. Ndicho chikonzero achirava nekufungisisa muMaGwaro uye achitsvaga kufemerwa, imhaka yekuti mubandiri weruzhinji kuvanhu vaMwari, uye ari kuedza kuwana chimwe chinhu chicha ... chingataurwa naMwari kuvanhu vaKe, chimwe chinhu chingavabatsira. Zvichida zvingavapomera muzvivi zvavo; asi angavabatsira kuvamutsa, kuti vasiye zvivi zvavo, uye vozosimuka kuti vashumire Ishe. Uye vashumiri vanofanira kutsvaka zvinhu izvi.

15 15.Kana zuva iri richikosha, rimwe ramazuva makuru kwazvo, ngatitarisei zvinhu zvitatu zvakasiyana-siyana zvinorehwa nezuva iroro kwatiri. Tinogona kutora mazana azvo. Asi mangwanani ano ndangosarudza zvinhu zvitatu zvakasiyana zvakanosha zvatiri kuda kutarisa kwenguva shoma dzinotevera, zvinoreva Karivhari kwatiri. Uye ndinonamata kuti richapomera mutadzi wose aripo, zvichaita kuti mutsvene wose aende kumabvi ake, izvo zvichaita kuti munhu wose anorwara asimudze kutenda kwake kuna Mwari obva aenda apora, mutadzi wose aponeswa, wose akadzokera shure adzoke uye agozvinyarira, uye mutsvene wose afare uye atore tariro itsva—tariro itsva.

16 16.Chinhu chikuru chinokosha chinorehwa neKarivhari kwatiri nekune nyika ndechokuti, yakagadzirisa mubvunzo wechivi zvachose. Munhu akawanikwa aine mhosva yechivi, uye chivi chaive nemurango usina aigona kuripa. Murango wacho wakava mukuru kusvikira pasisina aikwanisa kuripa. Ndinodavira zvamazvirokwazvo kuti Mwari Akazvigadza nenzira iyoyo—kutitira murango waizova mukuru kwazvo zvokuti hakuna munhu aigona kuripa—saka iYe Aigona kuzviita iYe Amene!

Zvino, mubairo wechivi rufu. Tose takaberekerwa muzvivi, takaumbwa mukusarurama, takauya panyika tichireva nhema. Nokudaro, pakanga pasina mumwe wedu akanga akakodzera, kana kuti aigona kuwana mumwe panyika akanga akakodzera.

17 17.Uye chivi hachina kutangira panyika. Chivi chakatangira kudenga. Rusiferi, dhiabhorosi, aive chisikwa chakashurikidzwa nekusateerera kwake asati atouya panyika. Chivi chakatangira kudenga, uko Mwari Akaisa ngirozi uye zvichingodaro pahwaro humwe chete hwaakaisa vanhu. Zivo. Muti wokuziva ... muti wohupenyu nomuti wokuziva, umo munhu aigona kutora sarudzo yake. Zvino Rusiferi paakapiwa hukuru hwekuita sarudzo yake, aida chimwe chinhu chiri nani kupinda chaive naMwari. Izvozvo zvakatanga dambudziko.

18 18.Pakanga pane zvazvaitora nokuda kwechivi. zvazvaitora rwaiva rufu. Rufu rwaiva murango. Uye ndizvo ... tinokwanisa kutaura zvakanosha pamusoro peizvi, nokuti handitendi kuti kune rufu rumwe chete. Kune hupenyu humwe chete. Ndinotenda kuti munhu ane hupenyu husingaperi haangafi, uye ndinotenda kuti kune kuparadzwa zvachose kwemweya unotadza. Nokuti Bhaibheri Rakati, "Mweya unotadza, uchafa zvirokwazvo"—kwete munhu, mweya unotadza. Saka Satani anofanira kufa zvechokwadi, kuti aparadzwe zvachose. Handibvumirani sei neveRutendo rwekuponeswa kwemunhu wose vanoti Satani achaponeswa! Akatadza, uye ndiye muvambi wechivi. Mweya wake wakatadza, uye

akanga ari mweya. Mweya iwoyo uchaparadzwa zvachose kuti usava chinhu chinosara.

19 19.Uye chivi pachakarova nyika pakutanga segudza rerima rinowa kubva kudenga, chakashaisa nyika simba. Chakakandira zvisikwa zvose panyika, nezvisikwa zvose zvaMwari, muhusungwa. Munhu aive pasi pehusungwa hwerufu, hurwere, matambudziko, nekusuwa. Zvisikwa zvose zvakawa nokuda kwacho. Chivi chakanga chiri mushonga wechiveve uyo chaizvoizvo wakashaisa nyika simba! Zvino takagadzwa pano, tisina tariro, nokuti zvisikwa zvose panyika zvakanga zviru pasi pachu, uye munhu wose akaberekwa panyika akanga ari pasi pachu. Saka chaifanira kubva kune imwe nzvimbo yakanga isina chivi. Hazvaigona kuti chibve panyika.

Mumwe wedu haaigona kudzikinura mumwe. Aifanira kubva kune imwe nzvimbo. Naizvozvo, apo munhu akaziva kuti akanga aparadzaniwa naMwari Wake, akava mudzungairi. Vakavimha nokuchema, vakashanda nesimba, vachidzungaira nomumakomo nomurenje, vachitsvaka guta iro muvaki nomuumbi waro, NdiMwari. Nokuti aiziva kuti kana achizodzokera muhupo hwaMwari, aizokwanisa kutaurirana naYe nezvacho. Asi pakanga pasina nzira yekudzokera. Akabva arasika, akashaya kuti onanga kupi. Saka akangobuda achidzungaira, achiedza kutsvaga kumwe kwaigona kuwana nzira yekudzokera kunzvimbo iyoyo! Chimwe chinhu chaiva mukati make chaimuudza kuti aibva kunzvimbo yakakwana.

20 20.Hapana munhu pano ari muungano iyi inoonekwa mangwanani ano, kana muvateereri vetepi yemagineti kwaichatenderera pasi rose, hapana munhu pano kana kupi zvako, asingatsviki kukwaniswa ikoko. Unobhadhara mabhiri ako, wofunga kuti zvichagadzirisika. Kana wabhadhara mabhiri ako, panobva paita mumwe munhu ari kurwara mumhuri yako. Kana hurwere hwapora, ndipo paunowana mamwe mabhiri ekubhadhara. Chinhu chekutanga chaunoziva, bvudzi rako rava kuchena, uye wobva wada kudzoka kuva mudiki. Uye pane chimwe chinhu nguva dzose, nguva dzose, nokuda kwesai-sai iroro rechivi. Asi mumoyo mako, nokuti unotsvaga izvozvo, zvinoratidza kuti pane kuperera pane imwe nzvimbo. Pane imwe nzvimbo pane chimwe chinhu.

21 21.Ndokusaka nhasi mutadzi achingodzungaira. Musikana wechidiki akanaka achagera mhotsi dzebvudzi rake kuti ave nemukurumbira, ozopenda kumeso kwake kuti ataridzike, opfeka mbatya kuratidza chimiro chake, nekuti ndicho chinhu chega chaanogona kuwana, kuwana kumwe kunhu, kuti aedze kuwana chimwe chinhu chokudzokera kune chake—paanogona kuita kuti varume vamuridzire muridzo, vachimuninira maoko, kumukwezvera. Majaya achaita zvimwe chetezvo kumudzimai uyu. Kuedza kuzviita anokwezva kwaari. Vavakidzani vachavaka imba nokuigadzira neimwe nzira nokuti ichaita seyakanaka kupfuura yevavakidzani vake. Nguva dzose! Tiri kutsvaga chimwe chinhu, uye chimwe chinhu chinoramba chichienda pamusoro pachu.

22 22.Hanzvadzi yechidiki ichawana imwe hanzvadzi yechidiki yakakurumbira kupfuura iyo. Muvakidzani achawana imba inotaridzika zvakanaka kupfuura yake. Mudzimai achawana mumwe mudzimai akapfeka neimwe nzira inotaridzika kupfuura iye. Chinhu chiri matiri chiri kutsvaga chimwe chinhu, uye zvinoratidza kuti takarasika. Tinoda kuwana chimwe chinhu chichatisvitsa pakugutswa ikoko, chinozadza nzvimbo yenzara iri imomo; asi zvinoita sekunge hatichiwane.

Vanhu vakazviedza nemumazera ose. Vakachichemera. Vakachema. Vakaita zvose zvavaiziva kuita, asi zvakadaro havana kuchiwana, vachidzungaira nenyika.

23 23.Pakupedzisira rimwe zuva - ndiro zuva iri paKarivhari, Mumwe Akaburuka kubva kukubwinya, Mumwe Ane Zita Rokuti Jesu Kristu Mwanakomana WaMwari, Akabva kukubwinya, uye Karivhari ikaumbwa. Ndiro zuva rakabhadharwa muripo, uye mubvunzo wechivi wakagadziriswa zvachose, zvikazarura nzira kuchinhu ichi chatiri kunzwa nzara nenyota yacho. Zvakaunza chinzvimbo chokugutsikana.

Hakuna munhu akamboshanyira Karivhari akaiona sezvayaiva, akambozova zvimwe chete 'zvo. Zvese zvaashuvira kana kushuvira zvinogadziriswa kana asvika pachinzvimbo ichocho. Rakanga riri zuva rinokosha, uye chinhu chinokosha zvakadaro, chakazunungusa nyika! Chakazunungusa nyika sezvaisakamboita.

Jesu paAkafa paKarivhari Akabhadhara mubvunzo wechivi.

24 24.nyika ino yezvivi yakava nerima! Zuva rakanyura masikati machena. Yakakotamisa pasi musoro wayo nekutya, matombo akazununguka, makomo akatsemuka, uye zvitunha zvakadzutuka kubva muguva. Zvakaiti? Mwari Akamira paKarivhari. Akakuvadza mhuka inonzi Satani zvachose.

Zvino kubvira ipapo une hasha kwazvo, nekuti zvakavhenekera rudzi rwavanhu; uye chero ani zvake anoziva kuti mhuka yakakuvara ndiyo yakaipisisa kwazvo ... ichifamba-famba yakatyoka musana.

Zvino, Satani akaparadzwa paKarivhari. Nyika yakaratidza kuti ndizvo zvakaitika. Mubhadharo mukurusa wati wambobhadharwa, uye Mumwe chete Akakwanisa kuubhadhara, Akauya Akazviita paKarivhari. Ndipo pakabhadharwa mubhadhara mukurusa. Ndicho chimwe chezvinhu.

25 25.Mwari Akanga Achiuda. Hapana munhu aikodzera, hapana aikwanisa, hapana aikwanisa kuzviita. Zvino Mwari Akauya pachaKe Ndokuitwa munhu, Ndokurarama hupenyu hwemunhu pasi pezvishuwo zvevanhu, Ndokurovererwa paKarivhari. Uye ipapo, Satani paakafunga kuti haAizozviita, haAizopinda nemazviri—Akapinda nomuGetsemane nomuyedzo wose wakambomirisana nomunhu. Akapinda mazviri sezvinoita vanhu vose; asi Akabhadhara mubhadharo! Ndizvo zvakashaisa nyika chiedza.

Semushonga wokukotsirisa pakuvhiyiwa. Kana chiremba akapa munhu mushonga wekukotsirisa ... anotanga amuvatisa asati avhiya. Zvino Mwari paAkapa kuvhiyiwa kwekereke, nyika yakapiwa mushonga wekukotsirisa. Husikwa hwakandengenyeka.

Hazvishamisi. Mwari, munyama yemunhu, Akange Ofa. Yakanga iri nguva yakanga yakatarisirwa nenyika, asi vazhinji vavo vakanga vasingaizivi. Sezvazviri nhasi, vakawanda vanotsvaka zvinhu izvi, asi havazvizivi. Havazivi nzira yekubuda nayo. Vachiri kuedza kutsvaga mafaro nezvinhu zvenyika, vachiedza kutsvaga nzira yavo yekubuda nayo.

26 26.Kwave nezvikwangwani zvizhinji zvakamongedzera kuzuva iro—mifananidziro mikuru mizhinji. Zvakafananidzirwa negwayana, nenzombe, nenjiva, nezvose izvi; asi zvakadaro hazvina kugona kurwuputsa. Hazvaigona kuputsa kubata kwerufu ikoko! Nokuti Satani akanga ane nyika. Iwo matombo chaiwo aakambofamba achikwira nekudzika panyika, achipfuta nesarufa—Rusiferi akanga ari mwanakomana wamambakwedza uye akafamba panyika payakange iri bota remugomo rinopisa—matombo mamwe chete iwayo akanga atonhora, apo Jesu Akafa paKarivhari, akanyungudutswa achibva panyika. Mubhadharo wakabhadharwa, uye kutapa kwaSatani kwakaputswa.

27 27.Mwari Akaisazve mumaoko omunhu nzira yokudzokera nayo kune zvaakanga achitsvaka. Aisafanira kuzochemazve. PaAkavhuna musana waSatani paKarivhari—bhonzu remusana rechivi, rehurwere—uye zvinounza munhu wose anofa panyika kuti adzokere muhupo hwaMwari akanganwirwa zvivi.

Hareruya! Zvivi zvedu zvaregererwa! Satani haachakwanisi kutibvisa pana Mwari! Pane mugwagwa mukuru wakagadzirwa, pane runhare rakagadzwa ipapo, pane tambo inoenda kukubwinya. Zvinounza munhu wese kusvikira patambo iyoyo.

Kana munhu azere nechivi, chaimubatanidza nechepakati. Anogona kuchiregererwa chivi ichocho! Kwete izvozvo zvoga, asi chivi ichocho chakabhadharirwa! Haufanire kuti, "Handikodzeri". Chokwadi haukodzeri. Hawaigona kukodzera. Asi Akakodzera Akatora nzvimbo yako! Wakasunungurwa! Hauchafaniri kudzungaira. Haufaniri kuva munhu anotsvaka mafaro pasi pano. Nekuti:

Riripo tsime rizere neropa;

Rakatorwa kubva mutsinga dzaEmanuere;

Umo vatadzi vanonyura pasi pemafashamo;

Vorasikirwa nemakwapa avo ose emhosva.

Haufanire kurasika. "Kune mugwagwa mukuru, nenzira, uye inonzi nzira youtsvene; vasakarurama havapfuuri nayo." Nekuti anotanga kuuya kutsime; anobva apinda mumugwagwa mukuru.

28 28.Akavhuna masimba aSatan. Akazarura mikova yetorongo yegehena, kuti munhu wose akanga akapfigirwa munyika ino—mumatirongo—achitya kuti kana afa, rufu rwaizova rwakaita sei kwaari... paKarivhari Akazarura mikova yejere ndkurega mutapwa wose asunungurwe. Hauchafaniri kubvarurwa nechivi. Hauchafaniri kupira mutumbi wako kuchivi, kunwa, kuputa, kubhejera, kureva nhema.

Iwe unogona kuva wakatendeseka, wakarurama, uye wakatwasuka; uye Satani hapana chaanogona kuita pamusoro pazvo, nokuti wabatira patambo! Tambo yehupenyu yakasungirirwa mudombo rakare. Hapana chinogona kukuzunguza kubva pairo. Hapana mhupo inogona kukuzunguza kubva pairo. Hapana chinhu, kunyangwe rufu pacharwo, chinogona kutiparadzanisa nerudo rwaMwari rwuri muna Kristu Jesu.

29 29.Ndizvo zvairehwa neKarivhari. Vanhu vaiva muhuranda vakasunungurwa. Vanhu vaisimbotya rufu havachatya rufu. Munhu, anoshuva guta rakavakwa nokuumbwa naMwari, angatsika mumugwagwa mukuru, ndokurinzira chiso chake kudenga, nekuti wasunungurwa. Hareruya, akadzikinurwa! Hauchafaniri kudzungaira, nokuti pane nzira yokuziva nayo kuti wakarurama here kana kuti kwete. Mwari Anotipa hupenyu. Zvivi zvedu zvaenda. Zuva riya paKarivhari rakabhadhara mubhadharo.

Kana tichiona zvose izvi, hazvishamisi kuti nyanduri akanyora:

Pakati pematombo anopamuka nedenga rakasviba;

Muponesi Wangu Akakotamisa musoro waKe Akafa.

Chidzitiro chakazaruka chakazarura nzira

Kumufaro wematenga nezuva risingaperi.

30 30. Abrahamha haana kuzombodzungaira 'zve nomunyika yose achitsvaka guta. Mutadzi haafanire kunetseka zvakare kuti anogona kuponeswa here kana kuti kwete. Munhu anorwara haafanire kunetseka kuti anogona kuporeswa here kana kuti kwete. Chidzitiro chakavhurwa pazuva riya paKarivhari chakazivisa nzira yekukunda kuzere! Mwari Anotipa masimba eMweya WaKe kuti tirarame tichikunda zvinhu izvi zvose; Anotikumbira kuti tizvitende chete. Izvozvo zvakaitika pazuva riya paKarivhari.

Hakuna kumbova nezuva rakafanana naro. Hapachazombova nerimwe rakafanana naro. Harichadiwi zvakare. Mubhadharo wabhadharwa! Uye takadzikinurwa. Mwari NgaAvongwe! Takadzikinurwa.

Hauchafanirizve kudzungaira; hapasisina zvekufungidzira nezvazvo. Zvose zvakabviswa. Chidzitiro chakadhonzera shure keteni, uye takagadzikwa mumugwagwa mukuru. Kwete kuzoshamisika zvakare, asi kutenda, uye kungofamba uchienderera mberi. Tinofamba muhupo chaihwo hwaMwari.

Hauchafanirizve kudzungaira; hapasisina zvekufungidzira nezvazvo. Zvose zvakabviswa. Chidzitiro chakadhonzera shure, uye takagadzikwa mumugwagwa mukuru. Kwete kuzonetseka zvakare, asi kuzotenda, uye kungofamba uchienderera mberi. Tinofamba muhupo chaihwo hwaMwari.

31 31. Abhurahama aiziva, uye vamwe vaiziva, kuti pavakanga vachitsvaka guta, vaiziva kuti vaibva kune imwe nzvimbo. Pane chakanga chaitika. Vakanga vachirarama munyika yakasahiswa simba. Kudengenyeka kwenyika kwakauya, dutu rakauya, hondo uye kuurawa. Gava negwayana zvakadyanana ... kana kuti, gava rakadya gwayana, uye shumba inodya nzombe. Hazvitaridziki zvakanaka. Pane chakakanganisika. Vaiziva kuti paive nechakakanganisika. Vanhu—mukoma wakauraya munun'una, baba vakauraya mwanakomana, mwanakomana akauraya baba. Pane chakakanganiska. Ari kuchembera, ari kufa, ari kupera, hurwere huri paari, ari muhuranda. Miti inokura, asi kwete pakusazofa. Inofa. Makomo anoshanduka. Makungwa anopwa. Mvura inopera. Pane chakakanganisika! Akatsvaka nzvimbo, guta kwazvisazoitika. Aiziva kuti kana aizokwanisa kudzokera muhupo hwaNyakuzvigadzirisa, aizokwanisa kutaura nezvazvo naYe.

32 32. Haiwa iropafadzo yakadii, kumutadzi, mangwanani ano kuziva kuti wawana nzira zvino. Zuva riya paKarivhari rakazarura nzira; nokuti madziteteguru avo ose aiMuvhima, nokuritsvaka. Karivhari yakakupa pachena!

Ungairamba sei? Ungairamba sei kuti ubatanidzwe nesangano? Ungairamba sei kuti uitsive nechimwe chinhu? Mafaro enyika here? Wadii kuigamuchira?

Chidzitiro chinovhurika chinodzosa munhu muhupo hwaMwari pasina chivi paari cherudzi rwupi zvarwo, uye inoisa nzira pamberi pake kuchinhu chaari kutsvaka—denga, kubwinya, norugare, nohupenyu husingaperi, zvose zviri pamberi pake.

33 33. Zuva iroro raiva shamhu yorufu kusimba raSatani. Rakapedza zvese. Uye ndinogona kuMuona ipapo. Aiva Gwayana reEdheni, kubva pamumvuri wekutanga wakabuda, apo Abheri nokutenda akapa Mwari chibayiro chakanakisisa kupinda chaKaini.

Anofanira kunge akasungira gashu romuzambiringa pamutsipa wegwayana, akarichekwevera padombo, akatora dombo muruoko rwake sepfumo, ndokupinyura musoro waro mudiki, ndokugura-gura ndokurigura-gura kusvika rafa. Uye mvire dzake dzakanyoroveswa neropa raro, akaumburuka muropa raro! Waive mumvuri.

Asi pazuva iroro paKarivhari, pakanga pasina gwayana renyika ino, asi Gwayana RaMwari Rakanga Richifa - Richinyoroveswa muropa raRo. Akatsemurwa Ndokutemwa Ndokurohwa nekupfirwa mate, nekurohwa nembama, nekurohwa, nezvimwe zvese renyika! Uye ropa richidonha kubva pamhotsi dzaKe.

34 34. Gwayana raAbheri parakafa, rakafa richitaura nomutauro waakanga asingagoni kunzwisisa. Raikuma. Zvino Gwayana RaMwari paRakafa zuva iroro paKarivhari, Rakataura nemutauro wakanga usina aiRinzwisisa. "Mwari WaNgu, Mwari WaNgu, MaNdisiyireiko?" Raiva Gwayana RaMwari, Rakagurwa-gurwa, Rakatemwa-temwa.

Aiva Gwayana chaiRo Raifungwa naAbheri, paakaona mbeu yakavimbiswa yemudzimai. Aiva Gwayana Rakaonekwa naDhanieri "rakavezwa kubva pagomo kwete namaoko omunhu." Aiva "vhiri pakati pevhiri" kumuprofita. Zvose zvavakanga vafanoona zvakasangana pazuva iroro—zuva iroro paKarivhari. Izvi zvakaunza chinhu chikuru. Izvi zvakatyora musana waSatani.

35 35. Chokutanga tinofanira kutsvaka kuti zuva iroro rairevei. Chechipiri, tinofanira kuona zvatakaitirwa nezuva iroro, zvarakatiitira. Zvino chechitatu, ngatitarisei zvatino fanira kuita nokuda kwezuvu iroro, zvatino fanira kuita.

Chekutanga, tinofanira kutarira mariri, nokuti izuva guru—guru kupfuura mamwe mazuva ose. Mubhadharo wechivi wakagadziriswa. Simba raSatani rakaputsa. Uye zvino tinoda kuona kupfumba

kwekandiro kedu kanopfumba kwakabva kamwe.

Zvino, mukandiro kedu kanopfumba kamwe, Jesu paAkafa paKarivhari, paKarivhari pazuva iroro, haAna kungoripira mubhadharo wezvivi zvedu chete, asi Akaripirawo muripo uye Akagadzira nzira yokuti tigoMutevera. Nokuti isu, saAdhamu akatadza akadzikinurwa Sokutungamirirwa kwakaitwa Adhamu neMweya—Adhamu wokutanga—neMweya, uyo akanga ane simba pamusoro pezvisikwa zvose, zvino isu —Adhamu wechipiri, kana kuti, munhu wepanyika— akadzikinurwa naKristu kubva pazuva reKarivhari, anogona kuMutevera.

36 36.Zvino, paAkafa paKarivhari, Akagadzira nzira. Akapa Mweya, Mweya Mutsvene, uYo Wakadzoserwa panyika kuti iwe neni tirame naWo. Ndizvo zvinoreva Karivhari kwatiri, kuMutevera.

Kutanga, tarisa mariri. Ugoona zvarakatiitira, uye zvino tinofanira kuitei maererano nazvo. Iwe neni tinofanira kuitei? Zvino, tinoti, “Zvakanaka ndinozvitenda. Zvakanaka chaizvo.” Asi tinofanira kurigamuchira. Uye kurigamuchira kubvuma hunhu hwaKe, Kristu, mumoyo yedu. Ipapo tinenge tasunungurwa kubva kuchivi. Naizvozvo, hapana ngetani dzechivi dzakaremba patiri zvachose. Mwari ... sekunge hatina kumbotadza zvachose.

Chibayiro chakakwana chakaita kuti tive vakakwana. Nokuti Jesu Akati, “Naizvozvo ivai vakakwana, saBaba Venyu Vari kudenga Vakakwana.” Zvino hakuchina chimwe chingaitwa, asi isu tinoitwa vakakwana muhvepo hwaMwari.

37 37.Zvino ndipo patinorasikirwa nenzvimbo yedu. Kana tikasatarisa, tinoedza kutarisa kumashure kune zvataiva; uye chero tichitarisa kumashure kune zvatakanga tiri, chibayiro hachirevi chinhu kwatiri. O, hamusi kuzviona here, kereke? Ini handingaedze basa racho, handikwanise, uye iwewo haugone. Hapana chikonzero chekuedza. Wakarasika pekutanga chero ukatarisa kune zvawakaita. Asi usatarise kune zvawakaita, tarisa zvawakaitirwa nezuva riya paKarivhari!

Rakabhadhara mubhadharo wako. Zvakapedza mubvunzo. “Zvivi zvenyu zvingave semucheka mutsvuku, zvichachena semazaya echando. Kutsvuka semucheka mutsvuku, zvichachena sedonje.” Ipapo hauchina chivi. Hauna chivi zvachose. Hazvina mhosva kuti wakaitei kana chii chaunoita, hausati wava nezvivi! Kana uchinge wagamuchira Jesu Kristu seMuponesi wako, zvivi zvako zvinoregererwa. Chinhu chipi nechipi chinoregererwa chinoregererwa uye chinokanganwirwa.

Zvino rinoitei? Rinokupa, mushure mechimiro ichocho, Mweya WaKe kuMutevera, uye kuita sezvaAkaita, kune vamwe vari kutevera.

38 38.Aiva munhu mumwe chete, munhu akakwana. Akapa hupenyu hwaKe, uye Akaita muenzaniso kwauri.

Zvino, chii chatinofanira kuita? Zvino, chinhu chekutanga chandinoda kutaura ndechekuti: Jesu haAna kumboZviraramira. Hupenyu hwaKe hwakaperera kune vamwe. Ndihwo hupenyu husingaperi hwakakwana. Paunoti unoenda kukereke woita zvinhu zvakanaka, zvakanaka. Asi paunorarama hupenyu hwako iwe pachako, hauna hupenyu husingaperi. Hupenyu husingaperi kuraramira vamwe.

Rakazviratidza parakauya muGwayana RaMwari. Akararama uye Akava nehupenyu husingaperi nokuti haAna kuZviraramira, Akararamira vamwe. Uye unogashira hupenyu husingaperi nokugamuchira zuva iroro, uye hauchazviraramire, unoraramira vamwe.

39 39.Mumwe munhu akati, “Ungarambirei umire worega ani zvke achikudana zvinemero zvose izvozvo zvakaipa?” Hauzviraramiri iwe pachako. Unoraramira vamwe kuti udzikinure munhu iyeye. Munova vanakomana; uye dambudziko razvo nderokuti kereke yakanganwa kuti vaive vanakomana. Imi muri vanakomana. Muri kutora nzvimbo yaKristu. Imi muri vanakomana; saka usazviraramira, raramira vamwe.

“Zvakanaka, Hama Branham, ndinogona kuraramira hama iyi nokuti chokwadi munhu akanaka.” Handizvo. Raramira munhu uyo anokuvenga! Raramira munhu iyeye anozokuuraya kana aigona. Ndizvo zvavakaita kwaAri. VakaMuuraya, uye Akafa kuti Agovaponesa. Ndihwo hupenyu husingaperi. Kana wawana izvozvo pamoyo wako, watarisana nedenga ipapo. Asi unopira zviri zvako. Zvipire sezvinoita gwai rinopira makushe aro. Unotarisa wakananga kuKarivhari.

40 40.Ndinovimba kuti izvi zvinokubatsirai kuti musvike panzvimbo ... Ndizvo zvinofanira kuita Tabhenakeri, ndizvo zvinofanira kuitwa navanhu vose—kutsvaka zvamuri, uye kuti nechinangwa chei.

Kereke haisi kuenda kukereke kungondoridza mumhanzi, nekuimba nziyo. Kereke inzvimbo yekugadziriswa. Kutongwa kunotangira paimba yaMwari. Tinofanira kuzviverenga isu takafa uye vapenyu kuna Kristu. Zvino Akaita nzira yokuti tikwanise kuzvipira kubasa raKe kuti tiMutevere. Kana tikaMutevera, tinorarama hupenyu hwaAirarama. Zvinoshamisa. Jesu Akataura Ndokutaura nezvazvo.... Regai ndikupei mashoko mashoma pazviri. Nyatsoteererai. Musazvipotsa!

41 41.Jesu Akati pazuva iroro Achatsaura vanhu semakwai nembudzi; uye Achatu kumbudzi, “Mirai

kuruboshwe,” uye kumakwai, “mirai kuruoko rworudyi.” Ipapo Achatu kumbudzi, “Ibvai kwaNdiRi, nokuti Ndaiva nenzara, asi hamuna kuNdipa zvokudya. Ndaiva mujere mukasaNdishanyira. Ndaiva Ndisina chokpfeka, mukasaNdipfekedza; ndaiva nenyota, mukasaNdipa chekunwa; Ndairwara, mukasaNdishanyira; Naizvozvo ibvai kwaNdiRi. Uye kumakwai, Achatu, “Ndaiva nenzara, mukaNdipa kudya. Ndaiva Ndisina chokupfeka, mukaNdipfekedza; Ndairwara, mukaNdishumira. Uye cherechedzai, musakundikana kuwana izvi, kereke! Chengeta izvi mumoyo mako nekusingaperi! Zvakaitwa mukusacherechedzwa. Vanhu havazviiti vari mugwara rebasa. Munhu anokupa chimwe chinhu kana chimwe nokuti anofanira kuzviita, munhu anokupa zvokudya nokuti anofanira kuzviita, ane pfungwa yeudyire. Hunofanira kuva hupenyu hwako chaihwo, zviito zvako chaizvo.

42 42.Makwai aya akashamiswa zvikuru zvokuti akati, “Ishe, Makanga Muine nzara rinhiko tikasaKupai chokudya ... Maiva nenzara riniko tikaKupai chokudya? Makashama rinhi tikaKupai mbatya? Makava nenyota rinhiko, tikaKumwisai? Makarwara rinhi, tikaKushumirai? Zvakanogorekana zvaitika—nekuda kworudo. Hupenyu hwavo hwaingorarama mavari.

Mwari, itai kuti vanhu vaone zvatakaitirwa neKarivhari. Saka zvoga, “Maiva rinhi..., Ishe. Hatina kumbozviziva.”

Tarisai Jesu Akatendeuka Akati, “Zvamakaita kune ava, makazviitira iNi.” Hupenyu husina udyire. Kwete pfungwa yechipiri, kusafunga nezvazvo; asi wakafa kwazvo kuzvinhu zvenyika ino, uri mupenyu muna Kristu, uye uchifamba munzira huru, zvokuti zvinhu izvi zvinongoitika zvoga. Unongozviita.

43 43.Asingati, “Zvino Ishe Angada kuti ndizviite.” Handizvo. Ungori chikamu chaKe. Mweya WaKe Uri mauri, uye unozvibata nenzira yaAkazvibata nayo. Unozvibata here? “Kune nzira inoita seyakanaka kumunhu, asi kuguma kwayo inzira yorufu.” “Havazi vose vanoti, Ishe, Ishe, vachapinda; asi avo vanoita kuda kwaBaba VaNgu”—kungobva mumoyo yavo, vakasununguka.

Zvino, zuva riya paKarivhari rakabhadhara mubhadhara kuti tive saizvozvo. Kwete kuti, “Munoziva, chirikadzi Jones imwe nguva yakapererwa namarasha, uye ndakaenda kunoitengera marasha.”; kana kuti, “Munozivei, ndakaona imwe hama yaida sutu yembatya, ndikaenda kundoitengera sutu yembatya. Rumbidzai Mwari ini ndiri MuMristu.” Oo, ini zvangu. Iwe munhu ane hudyire, murombo, anonzvisa tsitsi! Muri vanyengeri. Ruoko rworudyi ngarurege kuziva zviru kuitwa noruboshwe, kana rworuboshwe kuziva zviru kuitwa norudyi.

Kungofawo muna Kristu kusvikira wazviita zvakadaro. Ndiwo hunhu hwako, kugadzirwa kwako. Unozviita zvakadaro. Hupenyu hungori kurarama mauri. Wakazvipira zvakazara kuMweya iWoYo, uye unongorarama wega mauri.

44 44.Haiwa, unonzwa Mweya Wakaropafadzwa here? Hupenyu ihwohwo, “Kwete ini ndinorarama,” akadaro Pauro, “asi Kristu Anorarama mandiri.” Zvakangoitika zvega.

“Zvakanaka, ndinokuudzai, Hama Branham. Tiri MaKristu pano. Tinobatsira vanhu ava. Tinovabatsira vanhu ava.” Haiwa, ini zvangu, unonyadzisa! Icho hachisi ChiKristu. ChiKristu chega chinongofanira ku ... zvinofanira kuitwa. Iwe unongokanganwa nezvazvo, zvese nezve ... Enda uzviite!

Kristu Akangopira hupenyu hwaKe kuna Mwari zvakazara. Akazvipa semubatiri wevanhu kuvanhu. Akapa hupenyu hwaKe pachena. Aisafanira kuzviita. HaAna kuzviita Achinyunyuta. HaAna kuti, “Zvino, hama, imi mose munofanira kufunga zvakananda pamusoro paNgu nokuti Ndakauya kuzokufirai.” HaAna kumboti bufu nezvazvo. Akafa zvakananda! Nokuti Aiva Mwari maAri. NdiMwari mauri! NdiMwari Ari mandiri! Zvinoita kuti titarise vamwe.

45 45.Makwai kurutivi rumwe.

Mumwe wavo achati, “Zvakanaka, Ishe, ndakaita izvi, uye, Ishe, ndakaita izvo.”

Akati, “Ibvai kwaNdiRi, imi vaiti vezvakaipa. HaNdina kana kumbokuzivai.”

Kana kereke ikakwanisa kusvika kuzvinhu zvakanakosha izvo, hachisi chinhu chaunoedza kuita, unozvishingisa kuti uzviite; chinhu chinoberekwa chiri mauri.

46 46.Ndiregerereiwo, shamwari dzangu dzePentekosti. Ndiri muPentekosti, asi shamwari dzangu dzePentekosti dzasvika panzvimbo yekuti panofanira kuva nemimhanzi inokurumidza zvikuru, kuridza kwezvimwe zvikwata, kana kuombera maoko, kana tamborini, kuti mhere mhere. Ndiwo manyawi chete. Vanoridza mabhendi vasati vaenda kuhondo kuti vapinze vanhu mumanzwiro ehondo. Ndinotenda mumumhanzi. Ndinotenda mukuombera maoko, asi ... ndinotenda muzvinhu izvi. Ndicho chokwadi chaicho. Taifanira kuva nazvo, asi imi makasiya zvinhu zvikuru zvisina kuitika. Hupenyu uhwu hwekuzvipira, hwekuti Mwari Anogara mauri, Achizviitira icho chakarurama nekuti chakarurama—kungoenderera mberi, usatombombofunga nezvazvo, kungorarama mazviri. Zvino tarisa. Unoona zviru kuitika, unongo ... hau...uri munzira huru. Ndizvo zvairehwa neKarivhari kwauri—munzira huru—yakakuzarurira zuva iroro.

47 47.Zvino rangarirai kuti, haugoni kuva hafu yembudzi nehafu yegwai. Hazvizovhengani. Zvino, kune vanhu vazhinji vanoti, “Hongu, unozivei? Tine sangano muboka redu. Tinobatsira varombo. Tinoita izvi.” Zvakanaka, asi iwe uri kuzvipembedza iwe pachako pamusoro pazvo. Haufanire kudaro. Ipai zvipo zvenyu muchivande, Jesu Akadaro. Chimwe chinhu chinozviita chega kwauri.

Hazvina kusiyana nekundatora mvura yokunwa. Une nyota. Kana munhu anotevera ane nyota, iwewo funga nezvake, zvakare. Chinodiwa nemunhu ari padivi, funga nezvake zvimwe chete sezvawaizoda pakushaiwa kwako, uye usazvitarisa, ramba uchingorarama.

48 48.Haungagoni kuva hafu yegwai nehafu yembudzi. Saka kana ukati, “Zvakanaka, kereke yedu ine sangano. Tinopa kuvarombo. Isu tinoita izvi, tinoita izvo, uye toita zvimwe.” Kana iwe usina izvozvo—hupenyu hwaKristu mauri—uri kutozviitira pasina.

Pauro akati muna 1 VaKorinde 13, “Kunyangwe ndikapa zvinhu zvangu zvose kuti ndipe kudya kuvarombo, nomuviri wangu ukapiswa sechibayiro, hazvindikatsiri chinhu.” Zvino izvi zvakaoma, asi ichokwadi. Unofanira kusvika pachokwadi ichocho. Ziva zvawakaitirwa neKarivhari.

49 49.Tinozvitarisa toti, “Hongu, ndizvozvo, zvakanaka.” Handizvo. Kana Mwanakomana WaMwari Aifanira kuenda kuKarivhari kunorovererwa, mwanakomana wose anouya anofanira kuenda kuKarivhari! Anofanirawo kuva neKarivhari. Unofanira kuva nezuya iroro reKarivhari. Ndinofanira kuva nezuya riya reKarivhari. Ndizvo zvinogadzirisira mubvunzo wechivi. Kwete kukwazisana nemuparidzi mawoko, hazvisi zvokukwaziswa mukereke, kusapinda netsamba, kusauya nekupupura; asi pinda nekuberekwa.

HaAna kumbopa tsamba, HaAna kumbopupura, Akabereka. Ndiwo mapindiro atinoita. Zvino, kubva ipapo, zvinobva zvangoitika zvega kuti tiri kurarama hupenyu hweChiKristu.

50 50.Zvino kumwe kutaura. Hafu yekuva mbudzi, nehafu yegwai; havana chinhu chakadaro. Hausi hafu yembudzi nehafu yegwai, ungave uri mbudzi kana gwai. Zvino kana uri kungoita zvinhu zvakanaka, uye uchifunga kuti unogona kupinda nazvo, paisafanira kuva nezuya reKarivhari. Murairo wakapa izvozvo. Asi zvatora zuva paKarivhari kuunza izvozvo—kuti tisangova nhengo dzekereke, asi kuva vanakomana nemwanasikana waMwari.

Ndizvo zvaiva zuva repaKarivhari. Ndizvo zvazvaireva kwamuri, kuti multe, nokutevera, nokuita saJesu.

Ikozvino rwizi harwuyere rwuchikwidza nekudzika panguva imwe chete. Rwizi rwunongomhanya nenzira imwe chete, uye Mweya WaMwari Unongomhanya nenzira imwe chete. Hazvisanganisi zvinhu nazvo. Unomhanya nenzira imwe cheteyo.

51 51.Tarirai Jesu, mukuvhara. Jesu Akati, “Mabasa aNdinoita imi muchaaitawo; uye makuru kune aya muchaita; nokuti Ndinoenda kuna Baba VaNgu.” Handisi kutaura izvi zvakananyanya kukereke iri pano, munonzwisisa, asi mharidzo idzi dzinotepwa. Makumi ezviuru anodzinzwa pasi rose. Ini ndichapindura mubvunzo iwoyo kune anotsoropodza ikozvino. Ndakagara ndichiudzwa, vakati, “Zvakanaka, unotenda Bhaibheri.” Jesu Akati, “Mabasa awa aNdinoita imwi muchaaitawo; uye makuru kune aya muchaita; nokuti Ndinoenda kuna Baba VaNgu.”

52 52.Mungaipa zvakadini, changamire? Kure kwakadii nekunzwisisa kwaungadzungaira nedzidzo yako yebhaibheri yehungwaru, nemafungire ako emupfungwa echimwe chinhu? Shamwari dzangu dzinokosha uye dzakararisa, hamusi kunzwisisa here kuti Bhaibheri iRi Rinodudzirwa pamweya? Jesu Akatenda Baba kuti Vakazvivanza kune vakadzidza, nevakangwara, nevakachenjera, nevakangwara, uye Vachazvizarura kuvacheche vaizouya kuKarivhari.

53 53.Zvino tarirai. Jesu Akati (tarisai kuti Akazvitaure sei), “Mabasa aNdinoita...” Ari kuaita iko zvino. “Mabasa aNdiRi kuita zvino [kuporesa vanorwara, kumutsa vakafa, kusvinudza meso amapofu], mabasa awa muchaaitawo. Muchaita izvi, kana muchitenda maNdiRi. Muchaita mabasa awa; zvino makuru kune aya muchaita; nokuti Ndinoenda kuna Baba VaNgu. Kwechinguvana, uye nyika haichazoNdionizve; asi muchaNdiona. Ndichava nemi, kunyangwe mamuri, kusvikira kumagumo enyika. HaNdingakusiyei muri nherera. Ndichakumbira Baba, Vachakutumirai Mumwe Munyaradzi, Anova Mweya Mutsvene; uYo nyika haigoni kuMugamuchira, asi imi munogona kuMugamuchira.”

54 54.Zvino cherechedzai, mabasa makuru aiva ekuva nesimba mukereke kwete bedzi rokuporesa vanorwara nemunamato, kudzinga madhimoni nomunyengetero, asi kupa hupenyu husingaperi kuvatendi. Mweya Mutsvene Wakanga Uchiuya, Ukapiwa mumaoko ekereke, kuti igopa hupenyu. Ndizvo zvairehwa neKarivhari.

Wakatora varume nemadzimai vakadereresha, vakashoreka ndokuvasimudza kuti vave vanakomana nevanasikana vaMwari kuti vaporese vanorwara, uye kuti vape hupenyu husingaperi, nokupa Mweya Mutsvene kuvatendi vanoteerera. Vanhu vaichimbova vasingatendi vanoitwa vatendi, uye vopa hupenyu husingaperi pamweya.

55 55.Zvikuru sei... Kuti kumudzimai anorwara akarara pano, "Ndinogona kunamata munamato wekutenda," uye achapodzwa, chinhu chikuru. Ndizvo zvaAita ipapo, asi Akati, "Makuru pane aya muchaita. Ndichakupai simba, kwete rekumumutsa kwechinguva chete, asi rekupa hupenyu hwusingaperi - hunogara nekusingaperi."

Varombo, mapofu, vanhu vanonzwisa tsitsi, vanozvipotsa sei izvozvo? Hamuoni here kuti chikuru chacho chii? Ndicho chinhu chikuru kwazvo chingamboitika, kwaiva kupa hupenyu husingaperi kuvanhu!

56 56.Hupenyu husingaperi chii? Hupenyu hwaAkararama. Hupenyu hwaiva maAri; ipa izvozvo kune vamwe. Munhu anogona kudaro here? Mwanakomana WaMwari Anogona. Jesu Akati, "Vose vamunokanganwira zvivi, vazvikanganwirwa; vose vamunochengeta zvivi, hazvikanganwirwi kwavari." Zvino, pano ndipo pakakanganisa kereke yeKatorike nevamwe vazhinji. Vanobuda voti, "Ndakuregerera zvivi zvako." Zvakanga zvisiri izvo.

Ko zvivi zvavo zvakaregererwa sei muBhaibheri? Petro akapindura mubvunzo iwoyo pazuva rePentekosti. Vakati, "Tingaita sei kuti tiponeswe? Tingazviwana sei izvi zvamuinazvo mese?"

Akavatarira chinogadzirisa. Akavaudza zvokuita. Akati, "Tendeukai mumwe nomumwe wenyu kuna Mwari, uye mubhabhatidzwe muZita RaJesu Kristu." Kuitirei? "Kuregererwa kwezvivi zvenyu." Pane mabasa makuru.

57 57.Vangani venyu imi vaparidzi mangwanani ano, vangani venyu vakateerera kushoko rangu patepi yemagineti, vanoda kuenda kuKarivhari mangwanani ano? Kuzndotarisa izvo Mwari Akakuitirai ipapo, nokusiya zvitendwa zvenyu zvemasangano, nokuzoparidza evhangeri? Hareruya! Zvava pamberi pako zvino! Uchaita sei nazvo? Nei? "Kutendeuka nokuregererwa kwezvivi kunofanira kuparidzwa munyika yose muZita RaKe, kutangira paJerusarema." Hareruya!

Karivhari inorevei kwauri? Musi uyu wakaitei kwauri? Wakakunetsa neimwe dzidziso yeBhaibheri here? Wakakuitira chiremera chenhandu here? Kana kuti wakakuita MuKristu, akazvipira zvizere? Hareruya! Zvivi zvakaregererwa. Mabasa makuru kune awa uchaita. Unoona pauri, handiti? "Mabasa makuru kune aya"—kuregererwa zvivi muZita RaJesu Kristu. Asi kubudikidza nezvitendwa, masangano, nezvimwe zvakadaro zvakakusungwa kusvika kunzvimbo yauchiri kubatira nyika.

58 58.Ndiudzei chero munhu upi zvake, ndiudzei mudzimai upi zvake, anogona kuuya kuKarivhari, ozoedza kuva mumwe munhu mukuru nokuti mumwe munhu akataura chimwe chinhu. Ndiudzei paunogona kutarisa pachiso cheKarivhari, muchiedza chayo chaicho, zuva riya paKarivhari....

Ungave sei nezuva rako paKarivhari wobuda wapfeka mbatya isina chiremera? Ungabude sei uri mushandiswa wekuti rimwe sangano riparidze dzidziso yakaitwa nevanhu? Sei isingakuninipisire kuShoko RaMwari? Kana ukamboendako, unobuda wakazvininipisa. Ungada sei kuve chimwe chinhu chikuru musangano rako chine munhenga mungowani yako, iYe Jesu Kristu Mwanakomana WaMwari AkaZvininipisa pamutumbi wakakuvadzwa, nehuso hwakapfirwa mate, kusvikira pakunyadziswa nokushorwa, sezvavakaMupfekenura mbatya dzaKe ndokuMuroverera pamberi panyika, ndokuzvidza kunyadziswa? Ungagoenda sei kuKarivhari wodzokako usina kana nokushanduka kwokuva zvaAiva? Chizvidzo, kunyadzwa.

"Haiwa," unodaro, "vanozondidzinga!" Ngavadzinge. Iva nezuva rako paKarivhari. Mwari Achava nenzira yaKe newe. Regai ndizvitaure zvakare. Iva nezuva rako paKarivhari, Mwari Achava nenzira yaKe newe. Tinamatei.

59 59.Ishe, haiwa Mwari, Mutiendese tose kuKarivhari zvino. Regai tisuduruke kune zvatiri, Ishe - kutya kwemunhu, kutya izvo mumwe munhu achazotaura. Chokwadi, nyika yose yakaMuseka, asi iYe Akateerera kusvika murufu. Akateerera kunyadziswa. Akateerera kunyangwe muhurumende yenyika, uye tinoziva kuti apo Satani akarova pasi rino, akazova mutongi uye nechiremera mupasi rino. Akaparidza saizvozvo pamberi paIshe Wedu akati, "Humambo uhu ndewangu." Ndichaita navo zvandinoda." Uye isu tinocherechedza kuti kubva pazuva iro kuenda kune ino nyika ino, muchituko, yakatongwa neuyo wakaituka. Asi, Mwari, haiwa Mwari, isu tinobatira humambo husina kutukwa!

Mwari Baba, zvinoshamisa sei kuti Makaita zvimwe zvinhu zvikuru munharaunda yemifananidzo nhasi, Muchirega mifananidzo mikuru iye seinoti Mirairo Ine Gumi, neyakadaro, ibude: kurega varume namadzimai vaone, vasingagoni nokusvibisa mukova wekereke, asi makavarega vaone zvazviri. Nzira yaMwari ndiyo nzira yakaramwa nenyika, nokuti zvinoita sokuti tinoenda muRussia pasi peCommunism. Tiri munyika ino, asi hatisi venyika ino. Takaenda Karivhari. Takazviroverera, kuitira humambo hwaMwari, kuti tigova vamwe vavaKe. Zvisinei nezvinotaura nyika, tinofamba nenzira yavashoma vanozvidzwa vaShe. Tinoenderera mberi kundosvika parumuko.

Uye tinotenda kuti zvichaitika munguva pfupi iri pedyo, Ishe, kusvika patinozomutsirwa muumambo huchatora nyika ino, saDhanieri akafano huona. Uye hwakaputsa nyika yese kuva mafufu ehundi, uye mhengo ikaivhuvhutira kubva paburiro remuzhizha. Asi gomo, ibwe racho, rakakura kuva gomo guru

rakafukidza nyika. Ibwe iro richauya. Haiwa Mwari, isu tinoda kuva chikamu chahwo! Ngatizvirambe isu pachedu, titore muchinjiko wedu zuva nezuya, toraramira Kristu, nokuraramira vamwe. Zviitei, Ishe.

60 60.Kana paine vamwe pano mangwanani ano vasingaMuzivi seMuponesi, uye vachida kurangarirwa mumunamato wekuvhara, uye vachida kuti rino rive zuva ravo paKarivhari, ungasimudza ruoko rwako uye uti, "Ndinyengererei, Hama Branham. Ndinoda kuMuziva seMuponesi Wangu." Mwari Akuropafadze, muchinda wechidiki. Pane mumwe here? Mwari Akuropafadzei, hama yangu kumashure uko. Pane mumwe here anoti, "Ndinoda kuMuziva. Ndinoda kuti rino rive zuva paKarivhari kwandiri. Ndaneta. Chikonzero chei chandingatambisa chinhu chaicho chandakaberekerwa kuti ndiite namavune? Ndakaberekwa, ndakaberekerwa kuti ndive mwanakomana waMwari, uye ndiri pano ndakabatarira pazvinhu zvepanyika. Mwari, ndiregei ndirovererwe nhasi. Nditenderei kuroverera, nhasi, ini nepfungwa dzangu, kuti ndigoraramira Kristu ndoraramira vamwe. Hazvinei nezvavanondiitira, kana vakandiseka, vakanditambudza, nokutaura zvakaipa zvese pamusoro pangu nezvimwe, regai ndingofambira mberi, muunoro segwayana, sezvaAkaita. Rimwe zuva Akavimbisa kuti Achindimutsa zvakare pazuva rekupedzisira. Ndiri kutarisira zuva iroro."

Pane mamwezve maoko angasimudzwa here? Mwari Akuropafadzei kumashure uko, nemi. Zvakanaka, mamwezve. Mwari Akuropafadzei, Mwari Akuropafadzei. Mamwezve nguva pfupi tisati tanamata.

61 61.Baba Vede Vedenga, zvakataurwa apo Petro akaparidzira pazuva rePentekosti, "Savazhinji vose vakatenda vakawedzerwa kukereke." Ivo vaitenda zvirokwazvo nemoyo yavo yose. Vanhu ava vachangosimudza ruoko, ndinotenda kuti vatenda nemoyo yavo yese. Kana vatenda, pane dziva remvura rakamirira pano. Kana vachida kutadza kwavo kuregererwe, pane mumwe munhu pano anogona kuvabhabhatidza muZita iRo, uye Zita Roga Riripo pasi pedenga Rakapihwa pakati pevanhu, kuti isu tinofanira kuponeswa naRo. Nekuti sezvo ini ndakatora Gwaro rwechinguva chidiki chapfuura, kuti "kutendeuka uye kuregererwa kwezvivi kunoparidzwa muZita RaKe pasi rose, kutangira paJerusarema." Uye kuJerusarema, apo kutendeuka nekuregererwa kwezvivi zvakaparidzirwa, muapostora akataura nezveMaGwaro uye akati vanofanira kutanga vatendeuka, vobva vabhabhatidzirwa muZita RaJesu Kristu. Muparidzi ndiro raive basa rake rekuita. Kutu vatendeuka, uye kuti iye avabhabhatidze mukuregererwa kwezvivi zvavo. "Ani naani wamunoregerera kutadza kwake, kwavari vanokuregererwa. Ani naani anotadza wamusingaregereri, kwaari haangakuregereri."

62 62.Baba, nyika yakabva sei mugwara sezvayava? Inodii kutenda evhangeri iyi yakanyorova? Uye ivo vanototsinhanisa namazita enhema, rubhabhatidzo rwenhema, rubhabhatidzo naMweya Mutsvene zvenhema, votsinhanisa nokukwazisana navashumiri, vachishandisa madunhurirwa aBaba, Mwanakomana, naMweya Mutsvene zvisiri maGwaro - gwaro rinoitwa nevarume veRoma; Kwete kudzidzisa kweChiKristu kunowanikwa muBhaibheri. Kuregererwa kwezvivi hakugone kuitwa kuburikidza nemadunhurirwa, asi kuburikidza neZita RaJesu Kristu.

Zvino, Baba, tinoziva kuti haisi nzira yavazhinji. Nzira dzeNyu dzakagara dzakadaro. Asi regai varume namadzimai mangwanani ano vasvike pazuva iroro, zuva riya paKarivhari, apo Jesu, Achizvidza zuva iroro, kunyadziswa ikoko kwokupfekenurwa, kuti Adimburwe-dimburwe, nokupfirwa mate ndokusekwa nenyika yose, kuburikidza nekereke, navanhu vaifanira kunge vakaMuda ... asi munazvose izvozvo haAna nokuzarura muromo waKe, Ndokuenda Ndokufira vanhu ivavo vakanga vachiMuseka.

63 63.Mwari, tiendesei kuKarivhari mangwanani ano. Uye kana vakati tinopenga, kana vakati takatsveyama paMaGwaro, chero chavanoda kutaura; Mwari, havagoni kumira muhupo hwaMwari vozoti zvakaipa.

Havagoni kuvhara zvivi zvavo neBhaibheri. Bhaibheri Rinofumura zvivi zvavo, kusatenda kwavo—kuti vave nomukurumbira, kuita sezvakaitwa navazhinji. Ngavauye paKarivhari mangwanani ano vatangire paJerusarema, "kuti kutendeuka nokuregererwa kwezvivi kunofanira kuparidzwa muZita RaKe kumarudzi ose, kutangira paJerusarema." Ngavatore nhanho imwe chete iyoyo yekurovererwa nekupfirwa mate, nekusekwa, nekunenerwa zvese zvinganenedzerwa mukuita kwenhubu dzezvinamato—vapamuri vemakereke, zvose zvavanoda kunenera.

Dai isu, Ishe, mangwanani ano, titore nzira yedu nevashoma vaShe vanozvidzwa. Ngatifambe sezvakaita vaapostora, tisingatsaukiri kurudyi kana kuruboshwe, uye kubva mukunaka kwemoyo tichishumira Mwari. Zviitei, Baba.

Zvino podzai vanorwara nevanotambudzika vari kuuya mumutsara wokunamatarwa. Dai ava vakasimudza maoko avo mumoyo mavo vatendeuka izvozvi. Avo vakamira kumashure kwenguva yakareba kudai ngavachimbidze kuenda kumvura uye vagoregererwa zvivi zvavo paZita rechibairo, Jesu Kristu Mwanakomana WaMwari. Amen.



www.messagehub.info

Mharidzo Na
William Marrion Branham
"... mumazuva eShoko ..." Zvak. 10:7